Yon piblikasyon Biwo Manadjè Vil Cambridge la
795 Massachusetts Avenue
Cambridge, MA 02139
617-349-4300 • Cambridgema.gov

Cambridgema.Gov @Cambma

**Manadjè Vil la** Louis A. DePasquale

**Cambridge City Council:**

Majistra Sumbul Siddiqui
Vis Majistra Alanna M. Mallon
Konseye Burhan Azeem
Konseye Dennis J. Carlone
Konseye Marc C. McGovern
Konseye Patricia M. Nolan
Konseye E. Denise Simmons
Konseye Paul F. Toner
Konseye Quinton Y. Zondervan

# Multilingual Highlights Inside on Pages 14-20



**Página 14**
Lea la información en español

**Página 15**
Leia as informações em português

**Paj 16**
Li enfòmasyon an kreyòl ayisyen

**ገፅ 17**
መረጃውን በአማርኛ ያንብቡ

**صفحة ١٨**
قراءة المعلومات باللغة العربية

**পৃষ্ঠা 19।**
বাংলায় তথ্য পড়ুন

**第 20 页**
阅读中文信息



Aprann plis & enskri pou bagay ki enpòtan pou ou sou **Cambridgema.gov/subscribe**

THE CAMBRIDGE LIFE

IVÈ/PRENTAN 2022 NIMEWO 1 VOL. 5 YON PIBLIKASYON VIL CAMBRIDGE, MASSACHUSETTS

THECAMBRIDGELIFE.ORG



# Yo Kokennchenn Akonplisman: Kenbe Lojman Abòdab pou 1,000 Rezidan

*Nan Nimewo Sa a...*

Amelyorasyon Plizyè Milyon & Modènizasyon 8 Estasyon Ponpye Cambridge

Participatory Budgeting Jenere Angajman Kominotè Kominotè

Bous Vil la Ede ak Depans Edikasyon yo

Reenvansyon Espas Piblik

Pwen Enpòtan Nan Plizyè Lang Pj. 14-20

A Yon Rega Istorik sou Lit Kont Ensandi nan Cambridge Paj 8

# Batay ak PandemiCOVID-19 la. Toujou?

## Èske w fatige mete mask? Fè tès? Rete lwen zanmi ak aktivite w renmen?




## Men yon rapèl sou meyè fason pou ralanti pwopagasyon COVID-19:

- Pran vaksen ak boustè a.
- Mete yon mask gwo kalite.
- Al teste si w genyen sentòm oswa ekspoze ak yon moun ki genyen COVID-19.
- Reflechi avan w òganize oswa asiste rasanbleman sosyal k ap fèt andedan.
- Swiv règlemantasyon izolasyon ak karantèn

**Aprè de ane pandemi, ou gendwa fatige respekte egzijans, règlemantasyon ak restriksyon sante piblik. Alòske anpil nan nou ap fè fas ak fatig pandemi, Depatman Sante Piblik Cambridge ap ankouraje tout moun rete vijilan.**

Kantite rezidan ki genyen COVID-19 te ogmante an janvye, epi i gendwa pran yon ti tan avan nivo enfeksyon an desann nan yon nivo san danje. Alòske anpil moun sanble genyen sentòm ki pi lejè, nou kontinye wè anpil ospitalizasyon akoz COVID-19 espesyalman pami moun ki pa pran vaksen yo. Lè w fè pati pa w la, ou kapab:

☑ **Pwoteje rezidan vilnerab yo.** Massachusetts genyen yon to elve vaksinasyon, men toujou genyen anpil rezidan ki pa pran vaksen ak boustè a nan kominote a, pami yo jèn timoun. Kèk moun, tankou sa yo ki deprime sou plan iminitè, gendwa vin malad anpil oswa menm mouri avan yo vaksinen.

☑ **Sipòte sistèm sante a.** Genyen chans pou lopital lokal yo rete ankonbre epi pa genyen ase anplwaye pandan ivè sa a akoz COVID-19. Sa vle di li gendwa difisil pou jwenn yon kabann lopital si oumenm oswa yon moun ou renmen bezwen ospitalize pou nenpòt rezon. Plis nou ka fè prevansyon maladi COVID-19 la, plis l ap san danje pou nenpòt moun k ap chache sèvis lopital.

☑ **Ede evite pètibasyon.** Toutotan viris la ap pwobaje fasilman nan kominote a, nou ka espere ke yon gwo kantite moun pral malad epi p ap travay a nenpòt ki moman. Mwens moun k ap travay vle di pètibasyon k ap kontinye nan lavi chak jou nou, ke se paske li anile vòl oswa wout bis, fèmen etablisman gadri oswa lekòl, oswa mwens chwa nan sipèmache ak lòt magazin.

**Mèsi dèske w kontinye fè pati pa w la pou ede pwoteje kominote Cambridge la!**

# Mesaj Manadjè Vil la

Nan dat 3 janvye 2022, vil la te selebre prestasyon sèman Cambridge City Council 2022-2023 nan yon seremoni ki te fèt deyò nan Starlight Square nan Central Square. Premye aksyon City Council la se te chwazi yon majistra pou manda ki pral kòmanse a. Mwen ta renmen felisite Majistra Siddiqui epi akeyi nouvo manm City Council la ansanm ak manmm ki renouvle manda yo.

M ap tann ak enpasyans pou travay ak City Council la pou atenn objektif politik li yo epi asire ke Bidjè Egzèsis Fiskal 2023 a reflete priyorite Vil la. Planifikasyon eksepsyonèl fiskal nou an, konbine ak kolaborasyon avèk Konsèy la, te pèmèt Vil la reponn ak Pandemi COVID-19 la alòske li te kontinye ofri yon latriye pwogram, inisyativ, ak sèvis pou rezidan nou yo ak atant biznis yo nan Vil la.

Mwen ta renmen remèsye anplwaye Vil la ki te travay san fatige pou reponn ak ogmantasyon ka COVID-19 yo ak varyan Omnicom nan ki te pran direksyon epi kite kontinye nan Ane Tounèf la. Enfrastrikti sante piblik ke nou te mete anplas pandan dènye ane sa yo te pwouve li gen yon gwo valè. Soti nan sant tès COVID-19 gratis pou Vil la, klinik vaksinasyon ak boustè, enfòmasyon piblik solid ak efò direksyon sante piblik, nou te genyen zouti pou ede kominote nou an fè fas ak ogmantasyon ka yo epi ofri rezidan nou yo resous yo bezwen pou pwoteje tèt yo.

Nou konnen ke resevwa vaksinasyon COVID-19 epi answit yon dòz boustè se sèl meyè fason pou konbat Pandemi COVID-19 la. M ap ankouraje tout moun ki kalifye pou yon vaksen oswa boustè pou ale pran youn.
Ekspè sante piblik nou yo di nou ke yo atann ke vaksen aktyèl yo ta dwe pwoteje kont maladi grav, ospitalizasyon, ak lanmò akoz enfeksyon COVID-19, sa ki genyen ladann varyan Omicron an. Rive nan fen janvye a, plis pase 90% rezidan Cambridge te resevwa pou pi piti yon dòz vaksen.

Pandan n ap antre nan twazyèm ane COVID-19 la,  nou tout fristre ak fatige. Aktivite ke yo te konsidere nan yon fason rezonab san danje pou moun ki vaksinen kèlke mwa anvan



*Manadjè Vil la Louis A. DePasquale*

sa pote yon pi gwo risk kounye a. Desizyon w ki gendwa fè w ekspoze ak COVID-19 ka afekte tou fwaye w, zanmi w, fanmi w, kòlèg travay ou, ak manm kominote w yo (ki genyen ladann timoun ki pa vaksinen, endividi ak sistèm iminitè fèb, ak lòt moun vilnerab). Poutan nou konnen etap ke nou dwe swiv antanke endividi epi antanke kominote. Pandan n ap pran vaksen COVID-19 ki rekòmande yo, mete yon mask lè nou bò kote moun deyò lakay nou, rete lakay nou lè nou santi nou malad, kenbe yon bon lijyèn men nou, epi swiv rekòmandasyon izolasyon ak karantèn, nou pral fè yon gwo enpak nan ede mete fen ak Pandemi an.


















## Kontni


**2-3** Kenbe Lojman Abòdab

**4-5** Bidjè Patisipatif Angaje Rezidan yo

**6-7** Gwo Modènizasyon nan Estasyon Ponpye yo

**8-9** Yon Rega Istorik nan Lit Kont Ensandi

**10-11** Bous Vil la Konpanse Depans Edikasyonèl yo

**12-13** Laboratwa Espasyal Piblik

**14-20** Tradiksyon Pwen Enpòtan Atik la


*Kouvèti: Vi ayeryen Foto Fresh Pond Apartments: Kyle Klein.*



# YON KOKENNCHENN AKONPLISMAN: KENBE LOJMAN ABÒDAB POU 1,000 REZIDAN

“Cambridge antèt nan inisyativ lojman abòdab. Lojman abòdab rete pryorite prensipal Vil la, epi n ap kontinye fè envestisman solid pou sipòte objektif enpòtan sa a.”

– Manadjè Vil Cambridge la , Louis A. DePasquale

# Fresh Pond Apartments Reprezante yon Mikwokòs nan Divèsite ak Dinamis Cambridge




Etap soti nan estasyon Alewife, twa gwo tou an brik dekore peyizaj Cambridge la. Pandan w ap mache sou bobinaj chemen pak tou pre yo, ou pral tande yon varyete lang nan aryè plan timoun k ap jwe yo. Fresh Pond Apartments Reprezante yon Mikwokòs nan Divèsite ak Dinamis Cambridge la. Sa apwopriye ke gwo bilding sa yo, ki se fwaye plis pase 1,000 rezidan, ta dwe moniman ki pi notab.

Konplèks apatman an ofri lojman abòdab pou rezidan Cambridge depi lè li te konstwi an 1970. An oktòb 2020, Villa te anonse ke li te jwenn yon akò ak Schochet Companies pou prezève nivo abòdab tout 504 apatman ki nan Fresh Pond Appartments yo nan kad yon efò sou lontèm pou asire nivo abòdab apatman pou fanmi lòt jenerasyon yo.

Majistra Sumbul Siddiqui te di "Kè m tèlman kontan ke 504 apatman nan Fresh Pond yo pral rete abòdab pandan pwochen 50 an yo," "Puiske mwen te viv la tou, mwen konnen jan chak nan apatman sa yo esansyèl pou kominote a."

**Pandan Egzèsis Fiskal 2021 an, vil la te angaje nan plis pase $246.5 milyon inisyativ lojman. Fon sa yo te sèvi pou prezève oswa kreye plis pase 3,721 lojman abòdab rive jodi a.**

Nan mitan pri lojman k ap ogmante, ede rezidan rete nan kominote yo te yon gwo difikilte pou anpil vil. Cambridge te reste konstannan efò li pou kenbe lojman abòdab pou tout rezidan. Pandan dènye twa ane yo, Vil la te plis ke double angajman finansyè li pou Fon Lojman Abòdab la, sa ki kanpe ak plis pase $32 milyon pou ane fiskal aktyèl la. Pandan Egzèsis Fiskal 2021 an, vil la te angaje nan plis pase $246.5 milyon inisyativ lojman. Fon sa yo te sèvi pou prezève oswa kreye plis pase 3,721 lojman abòdab rive jodi a.

Manadjè Vil la Louis A. DePasquale te di "Cambridge antèt nan inisyativ lojman abòdab,"  " Lojman abòdab rete pryorite prensipal Vil la, epi n ap kontinye fè envestisman solid pou sipòte objektif enpòtan sa a."

Prezèvasyon Fresh Pond se yon akonplisman enpòtan nan kenbe angajman Vil la pou bay lojman abòdab ak reyalizasyon yon seri akonplisman nan lojman abòdab ke nou te wè pandan dènye de ane yo. Annapre a w ap jwenn kèk lòt devlopman notab.

Asistan Manadjè Vil la pou Devlopman Kominotè, Iram Farooq te di: "Prezèvasyon lojman abòdab vle di fè moun yo rete lakay yo epi konsève divèsite ak vitalite Vil sa a," "Travay sa a esansyèl pou kenbe yon kominote akeyan ak enklizif."

Finch Cambrige
Bilding 98 apatman sa a nan Alewife se pi gwo nouvo devlopman lojman abòdab nan Cambridge depi 40 an. Li te fini an 2020 epi bilding dirab, rezistan, ak abòdab sa a kounye a se fwaye prèske san fwaye ak salè fèb, modere ak mwayen. Finch te resevwa tou sètifikasyon Passive House epi li te reponn ak pi gwo estanda efikasite enèji ak dirabilite. Li twouve li pa lòt bò Fresh Pond Reservoir, Finch Cambridge pwomèt pou ofri yon anviwònman sen konplè pou rezidan li yo atravè yon latriye akomodasyon ki sipòte mobilite, kominote, ak aksè nan lanati.

Frost Terrace
Pa gen twò lontan rezidan yo te antre nan nouvo fwaye nan Frost Terrace nan kè Porter Square, ki ofri lojman abòdab pou 40 fwaye nan yon katye aktif, ki oryante tranzit ak dinamik. Bilding dirab la sètifye LEED, te fèt ak pano solè, jesyon dlo lapli, ak ekipman ki ekonomize enèji. Yon pwojè prezèvasyon istorik anplis yon pwojè lojman abòdab, bilding agreyab ak modènize sa a amelyore bò lari a pandan li ofri lojman abòdab pandan ane ki pral vini yo.

**Squirrelwood**
Ane pase, te genyen 23 nouvo apatman ki te fini nan katye Port nan yon efò ki fèt tou pou prezève nivo abòdab 45 apatman nan Linwood ak 20 inite ki tou pre Squirrelwood Apartments. Efò konbine a genyen ladann apatman pou fwaye ki genyen yon gwo latriye salè, ki genyen ladann fwaye ki genyen salè ki fèb anpil (anba 30% Zòn Salè Medyan an [AMI], fwaye salè fèb ak modere (30%-60% AMI), ak fwaye salè modere (60%-100% AMI).

Pou plis enfòmasyon sou opòtinite lojman abòdab nan Cambridge vizite cambridgema.gov/housing.

# Bidjè Patisipatif Angaje Rezidan yo nan Pwojè Kapital Kominote a Dirije pou Amelyore Cambridge

Depi lè yo te entwodui li nan Cambridge an 2014 Bidjè Patisipatif (PB) te sèvi tankou yon fason inik pou enplike rezidan yo dirèkteman nan bidjè ak pwosesis konstwiksyon vil la, ankouraje angajman sivik ak lespri kominotè, epi ede asire ke plan kapital Vil la reflete priyorite rezidan ak aktè Cambridge yo.

Bidjè Patisipatif la se yon pwosesis demokratik kote manm kominote yo dirèkteman deside kòman pou depanse yon pati nan bidjè piblik la. Nan Cambridge, pwosesis pou soumèt lide pwojè amelyorasyon epi answit pou vote annapre sou pwojè yo ajoute yon bilten kominotè, ouvri pou rezidan 12 ane ak plis, ki genyen ladann elèv 6yè ane, ansanm ak rezidan ki pa sitwayen Ameriken ak etidyan inivèsite k ap viv Cambridge.

Pandan premye uit sik PB yo, rezidan Cambridge yo te vote pou depanse $6.3 milyon, pou finanse pwojè tankou pyebwa, teknoloji pou Sant Aprantisaj Kominotè a ak Cambridge Public Library, amelyore Cambridge Youth Center yo, aksè ak lesiv nan Cambridge Rindge and Latin School (CRLS), ak kit resous kritik pou rezidan sanzabri.

*"Gwo patisipasyon ane sa a se yon temwayaj pasyon rezidan nou yo genyen pou kominote yo. Nou te genyen dezyèm pi gwo patisipasyon vòt nan istwa PB Cambridge la. Mwen fyè anpil dèske nou kontinye angaje piblik la nan pwosesis bidjè Vil la. Gras ak Bidjè Patisipatif, rezidan Cambridge yo tounen vrè aktè nan deside pwojè kapital ke kominote a dirije. Mwen vrèman eksite pou ajoute yon $140,000 anplis nan sik ane sa a pou finanse totalman estasyon rechaj machin elektrik antanke setyèm pwojè ki genyen," selon deklarasyon Manadjè Vil Cambridge la , Louis A. DePasquale*

Dènye sik PB a te jenere 1,070 lide pou konsiderasyon. Plis pase 50 Delege Volontè Bidjè te travay nan senk komite pou fè rechèch ak evalye lide sa yo epi devlope 20 pwopozisyon final pou kominote a vote nan pwosesis Bilten PB a. An desanm, 7441 rezidan Cambridge te vote sou kòman pou depanse $1 milyon nan Egzèsis Fiskal 2023 Vil la.




**7 Pwojè annapre yo te genyen $1,140,000 nan Egzèsis Fiskal 2023 Finansman Kapital la:**

- **Ekipman Esansyèl pou Rezidan ki Fèk Anmenaje ($60,000)**
- **Kenbe Cambridge Pwòp ($80,000)**
- **Amelyorasyon STEAM pou Youth Center yo ($110,000)**
- **Twalèt Piblik ($400,000)**
- **Pwojè Rekonesans Istorik Afriken Ameriken & Pèp Endijèn yo ($180,000)**
- **Siyal Sikilasyon pou Siklis ($60,000)**
- **Estasyon Rechaj Machin Elektrik ($250,000)**

Pou aprann plis sou pwojè PB ki te genyen yo, vizite pb.cambridgema.gov.

Pou plis enfòmasyon, kontakte Biwo Bidjè Vil la nan pb@cambridgema.gov oswa 617-349-4270.



## "Gwo patisipasyon ane sa a se yon temwayaj pasyon rezidan nou yo genyen pou kominote yo. Mwen fyè anpil dèske nou kontinye angaje piblik la nan pwosesis bidjè Vil la. Gras ak Bidjè Patisipatif, rezidan Cambridge yo tounen vrè aktè nan deside pwojè kapital ke kominote a dirije.» – Manadjè Vil Cambridge la Louis A. DePasquale







# Aprann kisa kèk rezidan Cambridge te di sou Bidjè Patisipatif la:

*PB se yon fason inik pou ranmase opinyon kominote a – Mwen panse li eksepsyonèl. Mwen yon tikras yon evanjelis PB – chak fwa nou pral gen yon lòt pati, mwen kontakte kòlèg travay mwen yo k ap viv nan Cambridge epi mwenvoye lyen an ba yo. Mwen panse tou se yon bagay ekstrawòdinè pou pèmèt jèn timoun ki geyen 12 an vote; ti gason adolesan m nan panse se yon bèl bagay epi li te vote nan chak pati epi li te menm soumèt kèk lide. Se yon bèl fason pou kiltive enterè nan vote ak demokrasi. Mèsi dèske nou fè sitwayen nou yo ase konfyans pou fè pwojè sa a."*
**– Patisipan PB**

*"Li ede Cambridge rete antèt nan mouvman pou vil divès, kreyatif, konpasyone ak dirab la."*
**– Patisipan PB**

*"Mwen panse se yon bèl bagay ke moun ki pa t fèt isit la ak moun ki pa sitwayen ka vote, epi timoun ka vote tou."*
**– Votè PB**

*"Antanke rezidan pèmanan nan Etazini ki pa gen ankenn anyen pou li di nan politik la, mwen kontan ke mwen te rive kapab patisipe nan pwosesis bidjè a."* **– Votè PB**

*"Non sèlman Bidjè Patisipatif la se yon bèl lide, se bon fason pou abòde angajman kominotè."* **– Patisipan Sondaj PB**




# GWO MODÈNIZASYON NAN ESTASYON PONPYE CAMBRIDGE YO

# BYEN AVANSE

> “Mwen kontan anpil ke Vil la ap envesti yon estimasyon $72 milyon pou modènizason estasyon ponpye enpòtan sa yo ak amelyore espas premye sekouris ki pran gwo risk chak jou pou kenbe nou ak kominote nou an sekirite ap viv yo.”
>
> – Manadjè Vil Cambridge la , Louis A. DePasquale




# Nouvo Konsepsyon Amelyore Prezantasyon Entèn Kay Ponpye yo

Yon modènizasyon $72 milyon ki fèt sou plizyè ane nan 8 estasyon ponpye Cambridge yo, kote anpil ladan yo te bati nan fen ane 1800 yo, ap byen avanse. Nan Egzèsis Fiskal 2018 la te gen yon inisyal $2 milyon ki te avanse fon pou reparasyon imedya plizyè estasyon ponpye pou amelyore kondisyon travay ak lavi yo.



Modènizasyon an te genyen ladann plase espas lojman yo pi lwen parapò ak depatman ponpye yo. Sa diminye ekspozisyon pwolonje ak polyan ki soti nan dife ki gendwa rete sou ekipman ak materyèl ponpye yo.

«Mwen kontan anpil ke Vil la ap envesti yon estimasyon $72 milyon pou modènizason estasyon ponpye enpòtan sa yo ak amelyore espas premye sekouris ki pran gwo risk chak jou pou kenbe nou ak kominote nou an sekirite ap viv yo," selon deklarasyon Manadjè Vil Cambridge la Louis A. DePasquale. Amelyorasyon bilding ak/oswa modènizasyon ki fini rive jodi a genyen ladann:

**Estasyon 3, East Cambridge (175 Cambridge Street).**
Amelyorasyon ki te fèt pou yon total $1.7 milyon nan sistèm elektrik ak HVAC, ekleraj dezyèm etaj, ak plafon. An 2022, y ap ranplase tiyo evakyasyon sanitè orijinal bilding nan ak yon nouvo jeneratè bakòp ki pral kreye ak enstale.

**Estasyon 8, Taylor Square (113 Cambridge Street).**
Yon amelyorasyon $7.2 milyon ki genyen ladann gwo amelyorasyon nan bilding nan ak ekonomi enèji, ak sistè HVAC jewotèmik, limyè LED, yon nouvo twati ak pano solè. Bilding nan te sibi yon netwayaj an pwofondè epi pentire epi kuizin nan te refèt. Yo te enstale yon pwoteksyon kont loray ak yon jeneratris ijans.

"Fanm ak gason Depatman Ponpye Cambridge rekonesan pou envestisman ak angajman Manadjè Vil la ansanm ak anplwaye li yo ak tout Konsèy Vil la pou reyalizasyon gwo amelyorasyon sa yo," selon Chèf Ponpye Gerald E. Mahoney.

**Estasyon 6, River Street (176 Cambridge Street).**
Yon modènizasyon $5.4 milyon ki pwogram pou fini an mas 2022 ki genyen ladann sistèm jewotèmik amelyore sistèm HVAC, yon nouvo sistèm jiklè, nouvo ekipman kuizin, kabinè ak kontwa, amelyorasyon Teknoloji, nouvo limyè, zòn kondisyon fizik, ak plis toujou. Premye etaj la genyen yon espas pou pèsonèl la ak ekipman dekontaminasyon ak yon abri fòtifye separe pou ekstrè materyèl (pou lave polyan lafimen yo). Espas moun abite nan dezyèm etaj la genyen ladann 6 nouvo chanm a kouche, 3 twalèt, ak yon machin a lave ansanm ak yon sechwa.

**Estasyon 9, Lexington Ave., (167, Lexington Avenue).**
Yon modènizasyon $4.3 milyon ki pwogram pou fini an mas 2022 ki genyen ladann amelyore sistèm HVAC, yon nouvo sistèm jiklè, nouvo ekipman kuizin, kabinè ak kontwa, amelyorasyon Teknoloji, nouvo limyè, zòn kondisyon fizik, ak plis toujou. Premye etaj la genyen yon espas pou pèsonèl la ak ekipman dekontaminasyon ak yon abri fòtifye separe pou ekstrè materyèl. Espas separe moun abite nan dezyèm etaj la genyen ladann 4 nouvo chanm a kouche, 2 twalèt, ak yon machin a lave ansanm ak yon sechwa.

Yon modènizasyon konplè Katye Jeneral Ponpye a ta dwe kòmanse nan fen ane sa a. Travay konsepsyon sou amelyorasyon estasyon ponpye Lafayette Square te kòmanse epi gen yon etid reyalizasyon k ap fèt kounye a nan Estasyon Ponpye Inman Square. Travay konsepsyon Estasyon Ponpye Porter Square la pwograme pou 2023.

"Fanm ak gason Depatman Ponpye Cambridge rekonesan pou envestisman ak angajman Manadjè Vil la ansanm ak anplwaye li yo ak tout City Council la pou reyalizasyon gwo amelyorasyon sa yo," selon Chèf Ponpye Gerald E. Mahoney. "Nou pran angajman pou bay pèsonèl pnpye a yon anviwònman ki san danje ak sekirize pou yo travay ak bon jan ekipman ak fòmasyon."

# Depatman Ponpye Cambridge: Yon Istwa 190 ane Sèvis

**Yon**
Rega Istorik sou Lit Kont Ensandi nan Cambridge




An 1634, William Wood te dekri Cambridge tankou "youn nan Vil New England ki pi byen antreteni ak byen òganize, ki genyen anpil bon estrikti, ak anpil ri byen aranje" (New Englands Prospect). Tout "bon estrikti yo"—kay, depandans, ak kay reyinyon —te konstwi an bwa, epi anpil ladan yo te fèt an chomyè. An mas 1931, Thomas Dudley te dekrete ke "ankenn moun ... pa ta dwe konstwi chemine li an baw, oubyen rekouvri kay li ak chomyè."

Annapre, vil la vin egzije pou yo bale chemine yo chak mwa epi chak fwaye te genyen yon echèl pou monte sou tèt kay la. Lit kont ensandi te kòmanse tankou yon efò kominotè, ak vwazen ede vwazen; yo vin fòme konpayi ponpye annapre. Jiska 1832 kote lejislati Massachusetts te etabli Depatman Ponpye Cambridge la. Premye konpayi a, prensipalman volontè, te jere motè ki opere ak sis men ak yon kamyon a echèl.

---

An 1834 vil la te konstwi yon bèl baz ponpye ke yo konnen sou non Cambridge 1: (gade non ki grave nan lento granit ki sou pòt prensipal nan foto ki anwo la a). Bilding nan te agrandi an 1864 lè konpayi a te fin achte yon nouvo ponp a motè vapè (ke yon montre tou nan foto a). Tout mesye yo, eksepte chofè a, mete gwo kas ponpye wo. Mesye ki genyen redengòt la sou li devan cheval yo gendwa te fòmann konpayi a, George O. Rollins.

*Foto 1864 Koutwazi Bostonian Society.*

*Lento "Cambridge 1" an kontinye viv. An 1922 yo te enkòpore li nan fasad yon garaj ki te ranplase estasyon an, answit yo te kouvri li an 1947 lè bilding nan te tounen yon restoran. Yo te dekouvri lento a an 2001 an me epi li toujou vizib jodi a nan 27 Churche Street.*



Nan dat 15 avril 1861, lè Prezidan Lincoln te mande pou volontè aprè atak Konfederasyon nan Fort Sumter a, Cambridge te pare: James Richardson, ki se yon avoka nan Central Square, te òganize yon konpayi gason lokal an janvye. Yo te rele Richardson "bèf dife," epi anpil nan volontè li yo te ponpye ki estasyone nan baz ponpye Motè No.2 a.

Li te konstwi an 1852 e se te pi gwo pami twa estasyon ponpye vil la e kounye a li se pi ansyen baz ponpye entak Cambridge. Apre yo te fin konstwi yon nouvo estasyon ponpye nan Lafayette Square an 1894, ansyen bilding nan vin pase yon seri pwopriyetè jiskaske Christian Mission Holiness Church vin achte li an 1916.



*CHC. Koutwazi Christian Mission Holiness Church.*



An 1875 etablisman minisipal Cambridge yo te vin konsolide nan nouvo Bilding Vil la sou Eliot Square ak ase espas pou yon sal tribinal, estasyon polis, ponpye, sal klas, ak 28 selil prizon. Li te demoli an 1935 apre Depatman Ponpye Cambridge la te ale nan katye jeneral li ye kounye a sou Broadway.

*CHC. Koutwazi Kapit.*
*Steve Person, CVD.*

Yon bilding Vil la te akomode de konpayi ponpye: Engine No. 1 ak ponp vapè klere li a ak yon ekip 3 cheval, epi Hose No. 1 ke de cheval blan te rale. Konpayi a te genyen yon total katòz gason.

Frederick Hastings Rindge, yon pitit Cambridge epi youn nan pi gwo byenfetè li yo, te fonde Cambridge Manual Training School, te fè konsepsyon batiman li, epi te prepare kourikouloum nan, ki te fòme jèn gason pou pran travay itil tankou chapantye, mekanik, ak ponpye. Nan antre a te gen yon seri tèks grave ke Rindge te konpoze:

*Travay se youn nan pi gwo benediksyon nou. Chak moun ta dwe gen yon okipasyon onèt.*



*Foto ca. 1889 CHC. Rindge Family Collection.*

Etidyan nan lekòl la te resevwa fòmasyon sou ekipman pwofesyonèl. Ekipman ponpye yo te genyen charyo tiyo ke ekip etidyan te konn kondui, echèl ak rach. Nan foto premye plan ki la a, manm ekip yo vise tiyo nan yon bouch ensandi; tou pre bilding nan, yon ekip ap batay ak tiyo ki anfle ak dlo ke jèn gason ap rale sou echèl.



Se sis nan $20^{\text{yèm}}$ syèk la yo te entwodui ekipman mekanize nan Cambridge. Avan sa, depatman an te konte–literalman–sou fòs cheval.

*Foto ca. 1904 Dennis Sullivan, ki te nan Engine Company No. 7 sou Main Street, ap antrene cheval ponpye Charlie ak Johnie. CHC. Koutwazi Madàm H. Laurence.*

# Bous Vil la Ede Rezidan yo Konpanse Ogmantasyon Depans Edikasyon yo



Fon Bous Vil Cambridge te etabli an 1993 pou bay asistans finansye ak rezidan Cambridge ki te swete pouswiv edikasyon apre nivo segondè. An 2021 Vil Cambridge te bay 80 bous $3,000 yo chak pou yon total $240,000. Depi pwogram nan te kòmanse an 1993 Vil la te fè kado 1188 bous pou yon total $2.9 milyon.

John Kosko, yon rezidan Cambridge ki te pase 35 ane nan edikasyon, te yon manm Komite Seleksyon Bous la depi nan kòmansman epi te travay ak lòt volontè ak lidè Vil la sou etablisman Pwogram Bous Vil Cambridge la, te ede nan devlopman premye pwotokòl yo ansanm ak règlemantason yo pou yon pwogram ke sitwayen dirije ak finanse. Kosko te ajoute ke pwogram nan te modifye yon ti kras ofiramezi ane yo pase pou fè amelyorasyon.

"Travay nan pwogram Bous la te yon aktivite ke yon ekip te dirije ant Depatman Finans lan ak sis volontè ki yo chak te pote pwòp pèspektiv pa yo nan pwosesis la," selon deklarasyon Kosko. "Manadjè Vil la Louis DePasquale, ki te chèf Finanse nan epòk sa a, te enplike anpil nan amelyorasyon Pwogram Bous la epi devlope li nan yon fason ki reprezante sa Cambridge ap eseye fè antanke kominote -- pou asiste moun ki nan bezwen epi montre li enklizif nan sipòte manm kominote divès nou an."

Kosko te esplike ke pwosesis revizyon Komite Bous la te vrèman konplè ak anonim, nan sans ke yo pa t konn non kandida a. Yo te evalye ak klase chak aplikasyon sou baz akonplisman akademik, enplikasyon kominotè oswa aktivite paraskolè, bezwen finansye, ak sikonstans espesyal.

"Nou konsidere tout kandida yo,

> "Nou rekonesan anpil pou bayè kòporatif jenere nou yo, pwopiryetè biznis, ak rezidan Cambridge yo ki te ede nou ogmante fon sa a pandan plizyè ane, ansanm ak manm Komite Seleksyon Bous la ki te konsakre tan yo epi te revize ak anpil atansyon tout aplikasyon yo. Jenewozite yo te pèmèt Vil la sipòte tèlman anpil rezidan Cambridge k ap fè fas ak gwo difikilte finansye pou edikasyon aprè nivo segondè."
>
> — Manadjè Vil Cambridge Louis A. DePasquale

# Fè yon Kontribisyon

## Chèk ki fèt pou Fon Bous Vil Cambrige la dwe ale pa lapòs nan:



Cambridge Scholarship Fund, City of Cambridge, P.O. Box 2005, Cambridge, MA 02139 oswa yo ka lage l an pèsòn nan Meri Vil la, nan gichè Kès Depatman Finans lan pandan lè biznis nòmal yo.

Yo ka fè kontribisyon sou entènèt Cambridgema.gov/cischolarchip.

# Enfòmasyon Bous Vil la

"Pwogram reyisi sa a ki nan avantaj kominote nou an depann de don volontè. Si w pa t konn fè don anvan, n ap ankouraje w pou w anvizaje fè yon don ane sa a. Bous sa yo enpòtan anpil pou etidyan nou yo."

— David Kale, Asistan Manadjè Vil la pou Finans, Vil Cambridge

## APLIKE POU YON BOUS SOU ENTÈNÈT

**Rezidan ki enterese yo gendwa revize egzijans kalifikasyon yo ak aplike pou pwogram 2022 Bous Vil la sou entènèt sou Cambridgema.gov/cityscholarship.**



***Dat limit aplikasyon an se 7 mas 2022***

- Genyen kopi enprime aplikasyon an ki disponib nan Cambrige Public School ak nan Meri Vil Cambridge la, 795 Massachusetts Avenue.
- Kesyon ak demann pou aplikasyon an pa lapòs ka ale jwenn Depatman Finans lan nan 617-349-4220 oswa Scholarships@cambridgema.gov.

pami yo sila yo ki gendwa pa genyen ase akonplisman akademik, kandida ki pa t resevwa bous la inisyalman epi ki nan yon enstitisyon siperyè, ak etidyan granmoun k ap pouswiv yon edikasyon apre segondè," selon Kosko.

**Farheen Abhura, yon Benefisyè Bous 2016 pataje panse li sou pwogram nan:**

"Aplike pou Bous Vil Cambridge la an 2016 te enpòtan pou mwen anpil. Lefèt ke mwen fè pati premye jenerasyon nan fanmi m pou ale nan inivèsite mache ak anpil presyon. Mwen te genyen frè ak sè pi piti, donk li te nesesè pou paranm ekonomize lajan pou yo tou. Mwen te kòmanse travay ak 14 an nan objektif prensipal pou mwen pa depann de paranm yo, yon fason pou yo pa enkyete plis pase jan yo ta dwe fè sa.

Lè opòtinite pou aplike pou Bous Vil la te rive, mwen pa t ezite. Mwen te bezwen sipò finansye pou inivèsite epi mwen te santi tou ke nòt mwen ak sèvis mwen te pale pou yo. Lè mwen te resevwa bous la, mwen te ozanj. Sa te itil pou retire yon pati nan chaj la sou mwen ak sou paran mwen.

Pandan ane mwen te etidyan yo, Bous Vil Cambridge la te ede mwen pandan li te la pou mwen lè mwen te bezwen yon asistans finansye. Mwen te genyen opsyon sèvi avèk li nenpòt lè pandan katran mwen yo, donk mwen te sere li pou lè mwen te nan gwo nesesite. Moman sa a te rive nan avan dènye ane a. Frè lekòl mwen yo te kòmanse ogmante akoz kou mwen te dwe pran pou majè Kontabilite m nan. Mwen te kontakte Vil la epi nan entèval kèlke jou, yo te peye yon pati nan frè lekòl mwen yo, sa ki te retire yon gwo pati sou mwen. Mwen te kapab answit konsantre sou objektif mwen pou fè nòt ekstrawòdinè san mwen pa enkyete sou aspè finansye li a.

Yon ane edmi aprè mwen fin gradye, mwen te fè premye gwo pwogrè nan karyè mwen pandan mwen te vin travay pou Vil Cambridge. M ap toujou rekonesan ak Vil la pou bous sa a."

*Foto (paj opoze a): Benefisyè Bous Vil la an 2019 ak Ofisyèl Vil la.*





"Ak Public Space Lab la, n ap chache lòt fason pou bay espas piblik yo vi. Se yon mwayen pou jwenn fason rapid ak fasil pou ajoute jwa ak kè kontan nan espas nou yo ki pa itilize ase nan yon fason k ap devlope kreyativite, kolaborasyon ak devlopman kominotè."

— Manadjè Vil Cambridge la Louis A. DePasquale





# Reflechi Andeyò Bwat Sab la: Public Space Lab



Cambridge se yon sant eksperimantasyon ak inovasyon, epi karakteristik sa yo p ap viv sèlman nan Kendall Square. Depatman Devlopman Kominotè Vil la (Community Development Department, CDD) ap pote kreyativite, eksplorasyon, ak kolaborasyon nan espas pataje nou yo nan Public Space Lab Cambridge la.

